



Fich Enfòmasyon Edikatif sou Plon pou Fanmi ak Anplwaye

Kisa ki se anpwazonnman ak plon?

Plon se yon metal toksik ki itilize nan yon varyete pwodwi ak materyèl. Anpwazonnman ak plon se yon kondisyon ki rive lè w enjere oubyen respire plon, sa ki lakoz anpil pwoblèm sante grav.

Kiyès ki plis an danje epi poukisa?

Timoun piti ki gen sis (6) lane oubyen mwens patikilyèman vilnerab a plon paske efè plon onivo fizik ak konpòtmantal rive nan nivo ekspozisyon ki pi ba paske kò yo an devlòpman epi pi fasil pou absòbe plon.

Kisa danje a ye?

Plon se pwazon pou timoun ak granmoun. Yon dòz plon ki ta gen yon efè minim sou yon granmoun ka gen yon efè konsiderab sou yon timoun. Nan timoun, menm nivo ekspozisyon ki ba te lye ak pwoblèm sante swivan yo.

- Domaj nan sistèm nève santral ak periferik la
- Pwoblèm konpòtman ak aprantisaj
- Ipè-aktivite ak kosyan entelijans ki ba
- Kwasans ki ralanti
- Pwoblèm pou tandem
- Anemi

Sous komen ekspozisyon a plon yo twouve nan anviwònman yon timoun

(Sous: [Sant Pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Center for Disease Control and Prevention\)](#))

- Kay ki te konstwi anvan 1978 ([lè yo te vin entèdi penti ki fèt ak plon](#)) li pwobab pou yo gen penti ki gen plon. Lè penti an detache epi dekole, li vin kreye pousyè plon. Timoun ka vin ekspoze ak plon lè yo vale oubyen respire pousyè plon.
- Kèk tiyo dlo ka gen plon.
- Yo ka jwenn plon nan kèk pwodwi tankou jwèt ak bijou.
- Pafwa plon twouve I nan sirèt oubyen remèd fèy tradisyonèl.
- Kèk travay ak pastan ka enplike travay ak pwodwi ki gen plon, tankou travay vit kolore, epi sa ka lakoz paran yo pote plon anndan kay yo.
- Timoun k ap viv tou pre ayewopò ka ekspoze a plon nan lè ak sòl la ki soti nan gaz aviyasyon ki itilize nan avyon ki gen motè piston (avyon ki pi piti oubyen avyon ki gen elis).

Depistaj nivo plon nan san

Menm apre ekspozisyon te fini, plon ka kontinye rete nan san epi diminye lantman pandan yon peryòd tan. Analiz sangen se yon metòd ekselan pou detèmine prezans plon nan timoun ou an. Yo reyalize I atravè yon echantyon kote yo pike yon dwèt (kapilè) ki rapid ak rezulta ki disponib apre kèk minit epi ki mwens anvayisan konpare ak prelèvman sangen nan venn tradisyonèl.



Eta Delaware ap travay ak lekòl epi patnè swen sante pou asire depistaj plon rete gratis ak aksesib pou fanmi yo. Gen de (2) tip tès pou prezans nivo plon elve nan san: Tès Pike Dwèt/Kapilè (yo rele l depistaj plon) ak Tès atravè Venn.

Klinik Sante Biblik nan Sant Sevis Eta a

Depistaj plon atravè kapilè (pike dwèt) disponib sèlman atravè randevou, pou moun ki gen asirans ak sila yo ki pa gen asirans nan tout laj nan Klinik Sante Biblik swivan yo anndan Sant Sèvis Eta yo.

- Hudson State Service Center, Public Health Clinic: 501 Ogletown Road, Newark, DE 19711, 302-283-5757 ext. 3
- Porter State Service Center, Public Health Clinic: 509 W. 8th St., Wilmington, DE 19801, 302-777-2860
- Williams State Service Center, Public Health Clinic: 805 River Rd., Dover, DE 19901, 302-857-5140
- Milford State Service Center at the Riverwalk, Public Health Clinic: 253 NE Front St., Milford, DE 19963, 302-424-7140
- Thurman Adams State Service Center, Public Health Clinic: 544 S. Bedford St., Georgetown, DE 19947, 302-515-3174
- Anna C. Shipley State Service Center, Public Health Clinic: 350 Virginia Ave., Seaford, DE 19973, 302-628-6772

Pedyat/ Founisè Swen Sante Primè

Fanmi yo ta dwe kontakte pedyat oubyen founisè swen sante primè yo pou diskite si depistaj oubyen tès la apwopriye. Moun ki pa gen yon founisè swen sante primè ka kontakte youn nan Klinik Sante Biblik ki mansyone pi wo yo.

Yo te fè tès plon pou timoun mwen an. Kisa pou m fè kounye a?

Pandan pa gen yon nivo plon ki san danje nan sistèm sangen yon timoun, rezulta tès kapilè ki gen 3.5 mikwogram pa desilit ($\mu\text{g/dL}$) oubyen pi wo konsidere kòm "elve" epi mande aksyon adisyonèl.

Etap 1: Tès Konfirmasyon

Rezulta depistaj kapilè ki nan 3.5 $\mu\text{g/dL}$ oubyen pi wo ekzije yon tès konfirmasyon (sangen) atravè venn. Kontakte founisè swen sante primè timoun ou an pou yon tès konfirmasyon sangen pou plon.

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) [rekòmande yon kalandriye](#) pou pran yon tès sangen pou konfirmasyon rete jan sa parèt la epi li vin pi ijan lè rezulta depistaj yo pi wo :

Etap 2: Tès adisyonèl si nesesè

3.5 to 9.9 $\mu\text{g/dL}$ –tès nan yon mwa (1) jiska twa (3) mwa

10 to 44 $\mu\text{g/dL}$ –tès nan yon (1) semèn jiska yon (1) mwa

45 to 59 $\mu\text{g/dL}$ –tès nan 48 èdtan

60 to 69 $\mu\text{g/dL}$ –tès nan 24 èdtan

Si tès la konfime yon nivo plon nan san ki elve, tès adisyonèl pou swiv chanjman nan nivo plon nan san ka nesesè.



Evalyasyon danje

W ap jwenn pi ba a plizyè kesyon pou evalye danje a ekpozisyon plon pou timoun ou an. Si w reponn "Wi" pou nenpòt nan kesyon swivan yo, ka gen avantaj pou w fè yo teste timoun ou an. Si ou panse ou menm oubyen timoun ou an te ekspoze a plon, ou ta dwe chache konsèy nan men yon founisè medikal oubyen vizite yon klinik sante piblik. Tan li pran pou yon nivo plon elve vin bese nan kò a depann de pwa moun lan, kantite ak mòd ekspozisyon an, ansam ak lòt faktè.

Anjeneral, li pran ekpozisyon kontini ak repeète pou kreye yon nivo plon nan san ki elve.

1. Èske timoun ou an te viv nan oubyen vizite yon kay, gadri oubyen lòt edifis ki te konstwi anvan 1978?

Wi Non

2. Èske timoun ou an manje oubyen mastike bagay ki pa komestib tankou ti moso penti, bijou, kle, ankadreman fenèt, oubyen lòt metal oubyen objè ki pentire?

Wi Non

3. Èske timoun ou an gen manm fanmi oubyen zanmi ki gen oubyen te gen yon nivo plon nan san ki elve?

Wi Non

4. Èske timoun ou an te viv oubyen pase tan nan yon peyi etranje pandan 12 dènye mwa ki sot pase yo?

Wi Non

5. Èske timoun ou an antre an kontak ak yon granmoun ki gen travay oubyen pastan ki enplike ekspozisyon a plon? Ekzanp enkli reparasyon/renovasyon edifis, reparasyon oubyen resiklaj metal, soudaj metal, zam, lapèch, restorasyon ansyen mèb, kolorasyon vè, oubyen kreyasyon/glasaj potri.

Wi Non

6. Èske fanmi w itilize pwodwi ki sot nan lòt peyi tankou potri, remèd sante, epis, oubyen manje? Ekzanp enkli medsin tradisyonèl tankou Ayurvedik, greta, azakon, alkohl, bali, goli, coral, ghasard, liga, pay-loo-ah, ak rueda . Lòt ekzanp nan kategori sa enkli potri enpòte oubyen vitre, sirèt enpòte, epis tankou safran, piman wouj, paprika, ak kimen ki soti deyò Etazini.

Wi Non

Pou plis enfòmasyon, vizite:

<https://dhss.delaware.gov/dhss/dph/hsp/lead.html>

[Prevansyon Anpwazonnan pa plon | Plon | CDC - https://www.cdc.gov/nceh/lead/prevention/default.htm](https://www.cdc.gov/nceh/lead/prevention/default.htm)
[Sous Plon | Plon | CDC - https://www.cdc.gov/nceh/lead/prevention/sources.htm](https://www.cdc.gov/nceh/lead/prevention/sources.htm)



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES

Division of Public Health

[Kalandriye pou Resevwa Tès Sangen \(CDC\) - https://www.cdc.gov/nceh/lead/advisory/acclpp/actions-blls.htm](https://www.cdc.gov/nceh/lead/advisory/acclpp/actions-blls.htm)

[Regleman ki entèdi penti ki fèt ak plon - https://www.ecfr.gov/current/title-16/chapter-II/subchapter-B/part-1303](https://www.ecfr.gov/current/title-16/chapter-II/subchapter-B/part-1303)